



Pou Piblikasyon Imedya: 2/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON SOU PREMYE
SEGMAN WOUT RAY ADIRONDACK LA**

Opòtinite Iwazi klas mondyal nan kè Adirondacks la

***Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal ak Biwo pou Sèvis Jeneral lan chwazi
kontraktè, mobilizasyon ekipman an sou pye pou premye nan twa faz
konstriksyon yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon pou Wout Ray Adirondack (Adirondack Rail Trail) la, yon chemen lwazi ki mezire 54 km pou plizyè itilizasyon pou avantiye eksteryè yo ant Tupper Lake ak Lake Placid. Premye nan twa faz konstriksyon yo pral konvèti ansyen vwa ferye a otou segman Lake Placid ak Saranac Lake nan koridò a an yon chemen klas mondyal pou itilizasyon pataje pou randonè yo, siklis yo, eskiyè randone, ak amatè motonèj yo.

"New York se lakay kèk nan rejyon ki pi panoramik nan peyi a ak peyizaj espektakilè ak opòtinite lwazi enkwayab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Wout Ray Adirondack la pral yon gwo atraksyon nan youn nan rejyon ki pi pitoresk nou yo, epi li pral pèmèt rezidan yo ak vizitè yo fè eksperyans Adirondacks yo avèk fasilite, pandan y ap konekte yo ak yon pakèt ekonomi ak kominote lokal yo."

Yon fwa yo fini, Wout Ray Adirondack la pral konekte kominote Lake Placid, Saranac Lake, ak Tupper Lake. Wout la pral pèmèt itilizatè yo jwi cham inik ak ekipman nan chak kominote pandan y ap bay aksè a plizyè kilomèt santye ki enpresyonan, anpil sit kan, ak anpil vwa navigab nan tè Forest Preserve la ki adjasan a koridò vwayaj la. Pano entèpretasyon pral ede vizitè yo aprann sou istwa chemen fè a, kilti kominote adjasan yo, ak tè ak dlo ki antoure yo. Yo prevwa ray la ap fin konplete an 2025.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Biwo pou Sèvis Jeneral lan (Office of General Services, OGS) Eta New York lan te fèk akòde Kubricky Construction Corp. nan Wilton, Konte Saratoga, kontra 7.9 milyon dola pou premye faz konstriksyon an. Se NY Works ki finanse kontra a, ak yon lòt 225,000 dola ki sipòte pa Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund) la pou sipèvizyon ak enspeksyon konstriksyon.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta a, Basil Seggos, te deklare, "Wout Ray Adirondack la pral yon premye destinasyon pou konekte Nouyòkè yo ak lanati epi atire plis rezidan ak vizitè nan anpil opòtinite lwazi nan rejyon sa a. Kòmansman konstriksyon an se yon etap enpòtan enteresan nan aplikasyon Wout Ray la epi nou pa ka tann patenarya kontinyèl eta, federal, Nasyon Endijèn ak lokal ki pral fè pwojè sa a vin yon reyalyte."

Komisè Pwovizwa Biwo Sèvis Jeneral la, Jeanette Moy, te deklare, "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, OGS te kolabore avèk siksè ak patnè Eta ak lokal nou yo nan inisyativ ki sipòte aktivite touris lokal yo epi ki amelyore eksperyans vizitè yo nan Eta New York. Wout Ray Adirondack la pral elaji opòtinite lwazi ekstryè nan youn nan rejyon ki pi panoramik nan Eta, epi ekip OGS la kontan wè kòmansman konstriksyon pwojè enkwayab sa a."

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Wout Ray Adirondack la pral ofri vizitè yo yon vwayaj panoramik sou ray yo ak randonè yo ak siklis yo yon vwayaj san parèy atravè kèk nan peyizaj ki pi bèl nan New York. Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) a fyè dèske li jwe yon wòl enpòtan nan re-itylizasyon ansyen liy tren sa a pou vin tounen yon destinasyon lwazi ke moun dwe wè epi ki dwe itilize ki pral rann li pi fasil pou Nouyòkè ak vizitè eta nou yo eksplòre bote Adirondacks la."

Pwojè a fè pati investisman estratejik DEC atravè inisyativ Adventure NY pou amelyore aksè piblik nan tè ak enstalasyon Eta a epi konekte moun ak lanati ak aktivite eksteryè yo. Wout la fèt pou li aksesib pou moun ki gen tout kapasite nan limit maksimòm posib. Majorite sifas santye a pral konpoze ak wòch kraze konpakte. Santye a pral pave nan zòn yo chwazi nan vilaj Saranac Lake ak nan ti seksyon nan santye sou pon yo.

Travay pou transfòme santye an te kòmanse nan mwa oktòb 2020 lè Depatman Transpò Eta a (DOT) te travay pou retire enfrastrikti ray la soti nan segman koridò Tupper Lake la rive nan Lake Placid. Nan mwa mas 2022, [DEC ak DOT te anonse](#) transfè jiridiksyon nan DEC. Transfè a te make finisman fòmèl faz eliminasyon ray la epi li kòmanse kòmansman faz fòmèl konsepsyon ak konstriksyon santye yo. Avèk transfè jiridiksyon an, DEC te asime jesyon sekirite piblik ak aktivite lwazi, ansanm ak antretyen, nan segman sa a nan koridò a.

Faz konstriksyon sa a pral kòmanse nan Station Street nan Lake Placid, jis nan lwès Lake Placid Depot, epi fini jis apre Depo Saranac Lake la tou pre entèseksyon Cedar Street ak Route 86 la. Faz sa a gen ladan tou konstriksyon yon zòn pakin nan Tupper Lake epi yo prevwa kontinye li jiska ane pwochèn.

Pou pwoteje sekirite piblik la, yo te limite aksè ak segman Lake Placid ak Saranac Lake nan koridò a pandan konstriksyon aktif la. Yo pral pèmèt piblik la antre nan koridò a pandan peryòd fèmte ivènnal la k ap kòmanse 19 desanm. Konstriksyon pral rekòmanse nan sezon prentan an. Segman santye Saranac Lake rive Tupper Lake pral

rete ouvè pou rekreyasyon pwovizwa pandan premye faz konstriksyon an. Aksè nan vwazinaj tèminal Tupper Lake yo pral limite pandan konstriksyon pakin lan.

OGS pral kontinye sipèvize konsepsyon ak konstriksyon santye pandan tout twa faz yo. Lè konstriksyon an fini, DEC pral asime jesyon chak jou nan santye an, travay sere ak moun ki gen enterè yo ak minisipalite yo. Kounye a, DEC jere sekirite piblik ak aktivite lwazi pwovizwa, ansanm ak antretyen jeneral, sou segman Lake Placid la rive Tupper Lake nan Koridò vwayaj Remsen-Lake Placid la.

Senatè Eta a, Dan Stec, te deklare, "Rejyon nou an renome pou bote natirèl ak opòtinite lwazi li yo. Santye ray la pral sèlman ogmante repitasyon sa a, epi li pral yon gwo avantaj pou rezidan yo ansanm ak vizitè yo lè li fini."

Manm Asanble Matthew Simpson, te deklare, "Mwen kontan wè ekipman klas mondyal sa a reyalize non sèlman pou moun ki abite Adirondack Park ak North Country, men tou pou yon pakèt vizitè ki soti toupatou ki angaje pou eksperimante li. Bote Adirondack Park la se yon bagay yo dwe admire ak eksperimante pèsònèlman. Wout Ray la pral bay yon opòtinite pou anpil moun k ap chèche nouvo avanti ki otreman pa te gen chans lan."

Enfòmasyon ajou sou kondisyon koridò yo, faz konstriksyon yo, konsèy sou lwazi pwovizwa, ak yon kat itilizasyon piblik disponib sou paj wèb [Koridò Vwayaj Remsen-Lake Placid](#) (Remsen-Lake Placid Travel Corridor) DEC la. Plis detay [Modifikasyon Plan Jesyon Inite Koridò Vwayaj Remsen-Lake Placid 2020/Deklarasyon sou Enpak Anviwòmantal Siplèmantè a](#) disponib tou sou sitwèb DEC la.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418